

Vaksen pou Granmoun

Ou pa janm twò granmoun pou w vaksinen!

Pran vaksen an se yon travay ki dire tout lavi, ki pwoteje lavi. Pa kite kabinè founisè swen sante w san w pa asire ou te pran tout vaksen ou bezwen yo.

Vaksen	Ou bezwen li?
COVID-19	Wi! Tout granmoun dwe ajou ak vaksinasyon kont COVID-19 la. Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou.
Epatit A (HepA)	Petèt. Ou bezwen vaksen sa a si w gen yon faktè risk byen presi pou epatit A* oswa si w vle tou senpman pwoteje kont maladi sa a. Yo bay vaksen an anjeneral nan 2 dòz, ak 6-18 mwa entèval.
Epatit B (HepB)	Wi! Li rekòmande pou tout granmoun ki pa vaksinen ki pi jèn pase 60 lane pou pran yon seri 2 oswa 3 dòz vaksen kont epatit B, selon mak la. Ou bezwen vaksen sa a tou si w gen 60 lane oswa plis epi w gen yon faktè risk byen presi,* oswa ou tou senpman vle pwoteje kont enfeksyon. Tout granmoun ta dwe fè depistaj pou enfeksyon epatit B avèk yon tès san omwen yon fwa; pale ak founisè swen sante ou.
Hib (Haemophilus influenzae tip b)	Petèt. Kèk adilt ki gen sèten maladi gwo risk bezwen vaksinasyon avèk Hib. Pale ak founisè swen sante w pou w konnen si w bezwen vaksen sa a.
Papilomaviris imen (HPV)	Wi! Ou dwe pran vaksen sa a si w gen laj 26 lane oswa mwens. Granmoun ki gen laj 27 jiska 45 lane ka chwazi tou pou yo vaksinen apre yon chita pale avèk founisè swen sante yo. Anjeneral, yo bay vaksen an nan 2 oswa 3 dòz, selon nan ki laj yo te bay premye dòz la.
Influenza (Grip)	Wi! Ou dwe vaksinen kont grip chak otòn oswa ivè.
Lawoujòl, malmouton, ribeyòl (MMR)	Petèt. Ou ka bezwen omwen 1 dòz MMR si w te fèt an 1957 oswa pita. Ou gendwa bezwen yon dezyèm dòz tou.* Moun ki ansent ak moun ki gen yon sistèm iminitè ki febli gravman pa ta dwe pran MMR.*
ACWY kont menengokòk (MenACWY, MenABCWY)	Petèt. Ou ka bezwen vaksen MenACWY si w gen youn nan plizyè pwoblèm sante* epitou si risk ou pèsiste. W ap bezwen vaksen sa a tou si w se yon etidyan nan fakilte premye ane k ap viv nan yon rezidans epi (1) ou pa te pran yon dòz depi w te vin gen laj 16 lane, oswa (2) sa fè plis pase 5 lane depi dènye dòz ou a. Nenpòt moun laj 19 jiska 21 lane ka pran yon dòz ratrapaj si li pa te pran youn depi li te vin gen 16 lane. Yon konbinezon MenABCWY se yon opsyon lè toude vaksen MenB ak MenACWY yo nesese.
Menengokòk B (MenB, MenABCWY)	Petèt. Ou ka bezwen MenB si w gen youn nan plizyè pwoblèm sante* epi rapèl si risk ou pèsiste. Si ou gen laj 16 jiska 23 lane, ou ka pale sou posiblite pou pran vaksen kont MenB avèk founisè swen sante w, menm si w pa gen yon maladi ki gen gwo risk. Yon konbinezon MenABCWY se yon opsyon lè toude vaksen MenACWY ak MenB yo nesese.
Mpox	Petèt. Ou bezwen seri 2 dòz vaksen mpox (Jynneos) si w gen risk akòz ekspozisyon yo konnen oswa ekspozisyon sispèk avèk yon moun ki gen mpox oswa si w gen sèten pratik seksyèl ki ogmante risk pou w ekspoze ak mpox.* Pale avèk founisè swen sante w.
Nemokòk (PCV, PPSV23)	Wi! Tout granmoun laj 50 lane oswa plis dwe vaksinen kont nemokòk. Granmoun ki gen mwens pase 50 lane ki gen sèten pwoblèm sante alabaz oswa lòt faktè risk* dwe vaksinen kont nemokòk tou. Vaksen ki pi resan yo ka rekòmande kounye a pou moun ki te vaksinen lontan. Founisè swen sante w la ka detèmine ki vaksen ou ka bezwen, si genyen.
Viris respiratwa sensityal (RSV)	Wi! Ou ta dwe resevwa vaksen yon sèl fwa sa a si w gen laj 75 lane oswa plis, oswa si w gen laj ant 60 ak 74 lane epi ou gen plis risk pou w trape yon fòm grav RSV. Pou pwoteje tibebe a kont RSV, swa moun ki ansent lan dwe vaksinen avèk vaksen Abrysvo (Pfizer) kont RSV, oswa yo dwe bay tibebe a antikò prevansyon kont RSV (nirsevimab).
Tetanòs, difteri, koklich (Tdap, Td)	Wi! Si w pa te janm resevwa yon dòz Tdap, ou dwe pran yon vaksen Tdap kounye a. Aprea, ou bezwen yon dòz rapèl Tdap oswa Td chak 10 zan. Konsilte founisè swen sante w si w pa te pran omwen 3 vaksen ki gen anatoksin tetanòs- ak difteri nan lavi w oswa si w gen yon blesi ki fon oswa sal.
Varisèl (Varisèl)	Petèt. Si w pa te janm gen varisèl, si w pa te janm vaksinen, oswa w te pran vaksen men w te resevwa sèlman 1 dòz, pale ak founisè swen sante w pou konnen si w bezwen vaksen sa a. Moun ki ansent ak moun ki gen yon sistèm iminitè ki febli gravman pa ta dwe resevwa vaksen kont varisèl.
Zoster (Zona)	Wi! Si w gen 19 lane oswa plis epi w gen yon sistèm iminitè febli oswa ou gen 50 lane oswa plis, ou ta dwe pran yon seri 2-dòz nan vaksen kont zona mak Shingrix la.

* Konsilte founisè swen sante w pou detèmine nivo risk ou pou enfeksyon ak nesese pou vaksen sa a.

Èske w planifye pou w vwayaje andeyò Etazini? Vizite sitwèb Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) nan wwwnc.cdc.gov/travel/destinations/list pou enfòmasyon sou vwayaj, oswa konsilte yon klinik vwayaj.



Haitian Creole translation provided by Fargo Cass Public Health

FOR PROFESSIONALS www.immunize.org / FOR THE PUBLIC www.vaccineinformation.org

"Vaccinations for Adults"
www.immunize.org/catg.d/p4030-hat.pdf
 Item #P4030-hat Haitian Creole (10/30/2024)



Scan for PDF